



Eric Adams  
Mayor

David C. Banks  
Chancellor

27 jen 2023

Chè fanmi:

Mèsi poutèt ou fè pati Lekòl leta Vil Nouyòk. Mwen espere ou te pase yon bèl ane lekòl.

Semèn sa a make fen premye ane lekòl konplè mwen kòm Chanselye Lekòl Vil Nouyòk ou a. Pandan m ap reflechi sou ane ki sot pase a, mwen rekonesan pou ide nou te pataje avèk mwen pou ede fè lekòl nou yo pi bon posib, epi mwen santi mwen rekonfòte avèk tout sa nou akonpli ansanm depi septanm pase a.

Nou pran angajman pou nou reimajine eksperyans lekòl la epi bay elèv nou yo yon bon kòmansman ak yon avni klè *Bright Starts and Bold Futures*.

Sa kòmansse avèk asire elèv nou yo gen fondasyon solid yo bezwen pou kapab pwospere. Se poutèt sa ane sa a, nou te lanse **NYC Reads**. Li pral transfòme fason nou anseye timoun yo li nan lekòl nou yo, epi nou deja kòmansse sesyon aprantisaj pwofesyonèl pou plizyè dizèn milye pwofesè nou yo. Pandan twò lontan, nou t ap fonksyone avèk move liv pou nou fè alfabetizasyon (literacy). Sa se pa fòt ni elèv nou yo ni edikatè nou yo; se te rezilta konsèy ak sipò ase solid ki pa t genyen.

NYC Reads anrasinen nan "syans lekti" ak yon kourikoulòm ki baze sou fonik—metòd ki fè prèv yo nan anseye timoun vin lektè ki gen konfidans nan tèt yo.

Pou konekte elèv nou yo ak Bold Futures, nou te kreye pwogram *Pathways* tankou **FutureReadyNYC**. Pwogram sa yo ouvri yon mond posiblite pou elèv nou yo epi yo ede fè elèv bay lekòl plis enpòtans. Pandan tout ane a, nou te bati patenarya solid avèk gwo anplwayè lokal tankou Northwell Health ak JPMorgan Chase epi konekte plizyè milye elèv lekòl segondè avèk estaj ki peye.

Nan tout lekòl nou yo, nou te travay di pou kreye anviwònman aprantisaj akeyan ak enklizif pou tout elèv. N ap ranfòse sa ki mache epi apiye sou apwòch inovatè lokal fanmi yo kwè ladan yo lè nou **elaji pwogram ki sipòte timoun ki gen disleksi, bezwen emosyonèl ak sansoryèl, ak otis**. Pou elèv nou yo ki gen andikap ak fanmi yo: nou wè ou, epi n ap travay di pou fè lekòl nou yo kote yo ka sèvi ou nòmman. Sa gen ladan **pwogram edikasyon pou debitan nou yo**. Lè yo te fèk lanse 3-K ak Pre-K, pa t gen ase plas pou elèv ki gen andikap. Nou te finalman korije pwoblèm sa a, lè nou ajoute 700 plas pou satisfè bezwen fanmi nou yo, ak ti elèv piti nou yo.

Lè nou satisfè bezwen elèv nou yo, lekòl vin tounen yon kote yo kontan ale chak jou. Pou rezon sa a, nou te transfòme 80 kafeterya nan lekòl pou vin espas modèn ki mete aksan sou chwa manje yo. **Amelyorasyon kafeterya** sa yo pral ogmante patisipasyon elèv nan manje lekòl epi


ankouraje manje ki pi bon pou sante, pou elèv nou yo gen yon kote pou yo nouri pa sèlman lespri yo, men kò yo tou.

Anplis sante elèv nou yo, sekirite yo te vin premye bagay ki nan tèt mwen ane sa a. **Project Pivot** te rasanble 144 òganizasyon patnè ak lekòl pou sipòte elèv ki gen plis risk nou yo. Mwen kontan rapòte depi nou te lanse pwogram lan otòn pase a, nou resevwa fidbak pozitif nan men lekòl nou yo epi nou wè amelyorasyon nan yon pakèt mezi sekirite.

Vil nou an te devan tou pou ouvri pòt lekòl nou yo pou 18,000 elèv ki nan lojman tanporè depi jiyè pase. Atravè **Project Open Arms**, nou te bay lekòl yo plis pase \$110 milyon dola pou asire yo gen sipò yo bezwen pou akeyi nouvo Nouyòkè nou yo. Lè kominote lekòl nou yo te fè fas avèk defi difisil, yo te leve defi yo, epi yo te sèvi kòm egzanp pou lòt distri atravè peyi a nan fason yo te fè ajisteman enpòtan byen rapid pou sipòte ak akeyi nouvo elèv yo. Mwen rekonesan anpil anvè tout anplwaye ak fanmi ki te montre jenerozite ki bay enspirasyon lè yo te ouvri bra yo byen gran pou fanmi sa yo. Nou te montre egzakteman sa ki fè Vil Nouyòk yon kote ki vrèman espesyal.

Pandan n ap gade ane lekòl 2023-24 la, mwen konnen sa se poko anyen toujou. Mwen espere oumenm ak pitit ou pase yon bon ete epi yo kapab pwofite anpil bagay ki fè mèchèy vil nou an gen pou ofri. Mèsi paske w te chwazi Lekòl Piblik Vil Nouyòk, epi paske w se bonjan patnè nan edikasyon pitit ou a. M ap tann pou m wè nou tout an septanm.

Plane wo,



David C. Banks  
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk

Suiv nou sou entènèt nan [instagram.com/nycschools](https://www.instagram.com/nycschools)